

---

POU : Komite Skolè Boston  
SOT NAN MEN : Eliza Mina, Avoka Travay, OLR (Biwo Relasyon Travay)  
Dan Rosengard, Asista Direktè, Depatman Transpòtasyon  
KOPI POU : Jeremiah Hasson, Direktè OLR (Biwo Relasyon Travay)  
DAT LA : 9 janvyè, 2023  
OSIJÈ : Demann pou Apwouve Akò Pwovizwa ant Komite Skolè a ak sendika  
«United Steelworkers, Local 2936» (Siveyan Bis yo [« Bus Monitors »])

---

Ekip negosyasyon an ki deziyen pou negosye yon akò negosyasyon kolektif siksesè ant Komite Skolè Boston ak sendika United Steelworkers, Local 2936, rekòmande e mande pou Komite a vote an favè de 2 Memorandòm Akò (MOA) pwovizwa ke pati yo te dakò sou yo, ki vin ansanm avèk lèt sa a ak yon pri ki sot nan akò sa a. Lokal 2936 te ratifye Akò sa yo jou 17 desanm, 2022, avèk yon vòt 126 pou (sètadi, an favè li), 36 kont (sètadi, kont li).

Pou n kapab kore pri akò sa yo, nou rekòmande w tou pou w apwouve demann konsekasyon siplemantal la bay Konsèy Vil Vil Boston an pou yon montan de 1.079.770\$ pou ane fiskal 2023. Tanpri, gade divès pwen enpòtan Memorandòm Akò a (MOA) anba a.

### **Pwen Enpòtan yo**

Dire a : Memorandòm Akò nimewo 1 : 1ye jiyè, 2020 jiska 30 jen, 2022;  
Memorandòm Akò nimewo 2 : 1ye jiyè, 2022 jiska 30 jen, 2025.

### **Ogmantasyon nan Salè yo :**

1ye septanm, 2020 : 2%  
1ye septanm, 2021 : 1,5%  
1ye septanm, 2022 : Ajisteman mache a akòz COVID  
1ye septanm, 2023 : 2%  
1ye septanm, 2024 : 2%

### ***Ajisteman nan mache a akòz COVID :***

- Montan pou siveyan (monitor) an rezèv yo (ki sou standby yo) se : 17,50\$ pa è
- Montan an pou siveyan (monitor) deziyen yo se : 19,00\$ pa è (montan chak trajè te ajiste a 2\$ ogmantasyon pou chak vwayaj jiskaskè l ta posib nan jesyon an pou yon tranzisyon ta fèt selon yon peman pa è)
- Montan pandan antrènman/fòmasyon ap fèt se : 17,50\$ pa è

### **Refòm yo :**

- Te konvèti sistèm peman an sot nan « peman pa trajè » ("run rate") a yon sistèm peman pa è. Sendika a dakò patisipe nan nenpòt sistèm ki kontwole lè jan distri a ta etabli li
- Manm yo ap touche yon minimòm 1,4 èdtan, oswa 26,60\$, pou chak chif yo travay

- Te enkli jou konje peye pandan konje ivè a ak yon chwa ant konje fevriye a ak konje avril la